Viv, Mouri, Antere, Resisite, Vini

Sa jis depase tout bagay ke nou te ka eksprime nan langaj imen, sou jan kè nou santi yo ye, jodi a, pandan nou rasanble isi a nan maten ki pi solanèl, sakre sa. Maten sa reprezante tan ke lè relijyon nou an te vin reyèl, paske se te rezireksyon Pitit presye W la Ki te vini pou rachte tout ras imen an. E nou isi a maten an nan selebrasyon, gran, triyonf siprèm sa, Seyè, sa te fè nou plis ke konkeran alafwa sou lanmò, lanfè ak tonm lan. E nou remèsye W dèske, apre tout ane sa yo fin pase, nou toujou rasanble byen bonè nan yon maten nan maten Pak sa, pou adore L, paske nou kwè ke Li va vini ankò.

2 E nou priye pou Ou padonnen tout peche nou yo ak fot nou yo ki anrejistre kont nou, pandan nou konfese fot nou ak imilite, epi aksepte ekspyasyon Li pou peche nou yo. Geri maladi ki nan mitan nou an, Seyè. Ede nou antan n ap li Pawòl Sen W la, ki se fondasyon tout Verite yo ke Ou kite pou nou viv dapre yo epi pou n kwè.

3 E nou priye non sèlman pou gwoup sa a ki rasanble isi a, men toupatou nan lemonn, paske n ap tann ak je ki enpasyan ak kè ki gen anvi pou tounen Li. Nou kanpe jodi a nan fènwa, nan yon dezòd, ke lè, nan nenpòt moman, ke yon fanatik ta ka jis pete kòlè sou yon bagay, epi vire yon ti bouton, epi lemonn antye ta ka eklate an miyèt moso. Jan gran otorite yo te di nou sa, ke, lagè a pral sèlman pou kèk èdtan, si l ta janm rive ankò. O! Kòm, nou kanpe jodi a sou bò menm yon lòt lagè. Alò, Legliz la kanpe sou bò a, rezirèksyon ki pi gloriye sa, paske nou pral anlve ansanm ak sen k ap dòmi yo, pou rankontre Seyè a anlè a, epi pou n avè L pou tout tan.

4 Nou vini pou adore W, Seyè. E resevwa nou jodi a. Beni lekti Pawòl Ou, chante kantik yo, predikasyon Levanjil la, resevwa priyè penitan yo. Tande priyè pou malad yo, epi jwenn glwa pou Tèt Ou, paske nou mande l avèk imilite nan Non Jezi, Pitit Ou a. Amèn.

5 Pou noumenm ki ta renmen pran pasaj Lekriti yo ke nou pral li maten an . . .

6 E nou dezole ke—ke pou konnen ke nou pa gen plas pou chita pou bon gwoup moun sa yo ki vini bonè maten an pou adore avèk nou, ki soti nan diferan legliz ak nan diferan eta, e menm diferan nasyon, ki rasanble maten an isi a nan Tabènak la, pou adorasyon Seyè sa ki pi gloriye a.

7 Mwen swete pou nou vire nan Liv Sòm yo, Sòm 22. Mwen konnen sa se pito yon kote ki etranj pou li, pou yon sèvis Pak, men Bondye etranj.

8 E kounye a apre sèvis sa a, nou pral sispann nan apeprè inèdtan, pou nou ka al pran dejene nou. Epi sèvis lekòl dimanch lan pral kòmanse a nevè trant. Epi imedyatman apre sèvis dimanch lan, pral gen sèvis batèm isi a nan basen an—an. Epi apre midi a, a sizè, yo pral distribye kat pou lapriyè pou sèvis gerizon, pou aswè a. E si w gen nenpòt byenneme ki malad epi ki nan nesesite, sonje mennen yo aswè a, e, paske se pral dènye fwa nou ka genyen sa pou yon—yon moman, antouka. M ap pati demen maten, a senkè, pou Los Angeles epi atravè Kòt Lwès la, pou yon seri reyinyon.

9 Kounye a nan Sòm 22, nou pral li.

Bondye mwen, Bondye mwen, poukisa ou abandone m konsa? Poukisa ou lwen konsa pou ou pote m sekou, . . . poukisa ou pa tande pawòl mwen k ap kriye a?

. . . Bondye mwen, m ap kriye lajounen, ou pa reponn; epi lannwit, mwen pa rete an silans.

Men ou sen, O ou menm ki rete nan mitan lwanj pèp Izrayèl la.

Zansèt nou yo te mete konfyans yo nan ou: yo te mete konfyans yo nan ou epi ou te *delivre yo.*

Yo te kriye nan pye ou, epi yo te delivre: yo te mete konfyans yo nan ou, epi yo pa t wont.

Men mwen se yon vè, e mwen pa moun; mwen se yon opwòb pou lèzòm, . . . pèp la meprize m.

Tout moun ki wè m yo ap pase m nan rizib: yo louvri bouch yo, epi *y ap souke tèt yo, y ap di:*

Li te mete konfyans li nan SEYÈ *a pou l delivre l: se pou l delivre l, paske li pran* plezi *l nan li.*

Men se ou menm ki te fè m soti nan vant manman m: se ou menm ki te ban m espwa lè m te nan tete manman m.

Se pou ou yo te ban mwen depi nan vant manman m: ou se Bondye mwen depi nan vant manman m.

Pa rete lwen mwen; paske malè a toupre m; paske pa gen pèsonn pou ede m.

Yon pakèt towo bèf te antoure m: gwo towo bèf ki soti Bazan te sènen m toupatou.

Yo louvri bouch yo sou mwen, tankou yon lyon k ap devore epi . . . k ap gwonde.

Mwen koule tankou dlo, . . . tout zo m yo defòme: kè m tankou lasi; li fonn nan mitan zantray mwen.

Fòs mwen cheche tankou yon moso labou;. . .lang mwen kole nan machwè mwen; e ou te mennen m nan *pousyè* tè a.

Chen yo sènen m toupatou: yon asanble *mechan* antoure *m: yo pèse men m ak pye m.*

Mwen ka konte tout zo nan kò m yo: ke *y ap gade m epi y ap fikse m.*

Yo te separe *rad mwen yo ant yo menm,. . .yo te tire osò pou rad mwen an.*

*. . .*pa *rete lwen m, O Seyè:. . .ou se tout fòs mwen,* prese *vin pote m sekou.*

Delivre nanm mwen anba epe a; delivre lavi m anba pouvwa chen an.

Sove m anba bouch lyon an: paske ou te reponn mwen anba kòn towo savann *yo.*

M a fè frè m yo konnen non ou, m a fè lwanj ou nan mitan kongregasyon an.

Wi. . .*Nou tout ki gen krentif pou Seyè a, fè lwanj li; nou tout* semans *Jakòb yo, fè lwanj li; epi nou tout* semans *Izrayèl yo, gen krentif pou li.*

Paske li pa meprize, ni li pa degoute afliksyon an. . .li pa kache figi l devan l. Men, lè l te kriye ba li, li te tande.

M a fè lwanj ou nan gran kongregasyon an: m a fè ve m yo devan sila yo ki gen krentif pou li.

Moun ki dou yo va manje epi yo va satisfè: y a fè lwanj Seyè a, moun k ap chache l yo: kè nou ap viv pou tout tan.

Tout dènye bout mond lan va sonje Seyè a epi y ap tounen vin jwenn li: epi tout fanmi nasyon yo pral adore devan li.

Paske wayòm nan se pou *Seyè a li ye: epi se li menm ki gouvènen tout nasyon yo.*

Tout sa yo ki gra sou latè va manje epi adore. Tout sa yo ki desann nan pousyè pral mete ajenou devan li: e pèsonn pa ka kenbe pwòp nanm li vivan.

Yon semans va sèvi l; Seyè a va konte l pou yon jenerasyon.

Yo va vini, e yo va deklare jistis li bay yon pèp epi *yo* va. . .*ki va pran nesans, ke li* te *fè sa.*

10 Ke Seyè a ajoute benediksyon Li yo sou lekti Pawòl Li. Mwen vle pran pou okazyon sa maten an, senk mo, epi toutotou senk mo sa yo eseye eksprime sa ki nan kè m, pou noumenm adoratè yo maten an. Mwen vle senk mo sa yo: *Viv, Mouri, Antere, Resisite, Vini.*

11 E mwen panse powèt la te byen eksprime l nan chante an,
sou sa m ta vle di, lè li te ekri chante sa.

Vivan, Li te renmen m; nan mouri, Li te sove m;
Antere, Li te pote peche m yo byen lwen;
Nan resisite, Li te jistifye gratis pou tout tan:
Yon jou L ap vini—o, jou glorye!

12 Pa t janm gen yon vi ki te janm viv tankou pa L la, paske Li
te Bondye ki te manifeste nan lachè lè Li te fèt. Li te ekspresyon
de sa Bondye Papa a ye. E Bondye Papa a etan lanmou, alò Jezi
te ekspresyon lanmou an anplen. Li te lanmou depi premye fwa
a menm ke ti men ti bebe L yo te karese bèl machwè manman L.
Li te lanmou.

13 E mwen panse jodi a ke se la anpil moun ap echwe pou
rekonèt ke Li te lanmou. "Bondye se lanmou, e sila yo ki renmen
yo ne de Bondye."

14 "Bondye te sitèlman renmen mond lan, sa vle di, sa yo pa ka
renmen an, ke Li te bay sèl Pitit Li a, pou ke nenpòt moun ki kwè
nan Li pa peri, men gen Lavi ki p ap janm fini an."

15 Li te eksprime lanmou Li lè Li te isi a sou tè a, nan tèlman
anpil fason diferan, jouk se san diskisyon ke Li te kreyati ki te pi
renmen ki te janm viv la. E mwen panse, nan lavi L isi a, Li t ap
eksprime Bondye. E sèl fason ke Bondye ka eksprime pou moun
yo se nan lanmou.

16 E Li te byen fè sa lè L te pran youn nan fanm ki pi ba anpil
ki te genyen nan tan L lan, petèt. Yo te jwenn li jis koupab, e pa
gen okenn mwayen soti, lè yo te jwenn li nan adiltè. Epi yo te
trennen l devan Li, epi yo di: "Kisa W di fè pou li?"

17 Epi lè Li te vire tounen vè li, epi, Li di: "Mwen pa kondane w.
Ale epi pa peche ankò." Olye pou yo jete l deyò nan lari yo, pou
yo presipite tankou yon bann lou sou li, pou kalonnen l ak wòch
epi pran lavi l; Kè tandrès, janti, ak lanmou Li te bese desann nèt
nan peche ke li te ye a, te di: "Mwen pa kondane w. Jis ale epi pa
peche ankò."

18 E lè Li te sou wout Li pou ale bò tonm Laza a, Mwen panse
ke se te yon lòt gran moman ke Li te eksprime sa Bondye ye pou
èt imen yo. Non sèlman Li se yon Bondye ki ka padonnen peche
ki pi ba a ki te ka komèt, epi pran koupab yo epi rann yo inosan,
ak lanmou Li ki padonnen, men menm apre ke lanmò fin redwi
nou an silans, Li toujou sousye de nou. Mwen panse Li te byen
eksprime sa sou wout la laba avèk Mat ak Mari, lè Li te rive nan
kay kote lanmò te fèmen lavi yon moun debyen. E sou wout Li
pou ale bò tonm lan, poutan, etan Bondye, te konnen ke Li t ap
leve l soti vivan nan lanmò, Li te konnen ke yo te di L ke nan
Pawòl Li yo menm te gen Pwisans pou resisite l sot nan tonm
lan; poutan, lè Li te wè Mat ak Mari ak sa yo ki te renmen Laza,
ap kriye, Bib la di Li te kriye. Kisa l te ye? Gwo kè lanmou Li

a! Lè Li te wè nonm sa, e zanmi Li—Li yo te nan pwoblèm, Li te boulvèse avèk yo.

19 Mwen tèlman kontan konnen ke yo ka jwenn Li pami moun ki gen kè brize yo. Nan chagren nou yo, Li pa youn ki ta kite nou. Li kanpe bò kote nou lè tout bagay te echwe, e dènye lespwa ki pou atenn tè a rive nan fen li, Li toujou Bondye e Li renmen nou. Li te ekspresyon Bondye.

20 E, o, ala mwen kwè ke Li anvi pou pèp Li si tèlman wen ak Lespri Li, ke nou te ka al jwenn youn lòt nan eprèv ak nan pwoblèm, epi bay ekspresyon senpati Li, pandan sa koule sot nan kè nou ki te ne de Lespri Li, pou reflete nan legliz la lanmou Bondye vivan an. Sa te byen eksprime sa Li te di, oswa, powèt la te di: "Nan vivan, Li te renmen m!"

21 Li te montre sa Li te fè pou tout ras imen an, fason Bondye te reprezante Tèt Li nan Jezikri. Li te eksprime opinyon L bay ras imen an, pou padone epi renmen sila yo ke yo pa t ka renmen. E mwen mande m, nan jou maten Pak sa, nan ki pwen nou manke sa. Nou te ka renmen sa yo ki renmen nou, men Li te renmen sila yo ki pat renmen L yo.

22 Li te pi gran, premye reprezantasyon, lanmou ki te janm frape tè a; e sila yo ki te viv sou tè a te meprize Li, sila ke Li te renmen yo. Okenn nonm pa te ka janm renmen tankou L; e yo pat janm rayi okenn nonm tankou Li. Yo te rayi L e yo te meprize L, e yo te rejte L, men sa pat rete lanmou L. Anfen, lè Li te pandye sou kwa a, apre ke lavi sa ke L te viv la pa t fè anyen ke bon bagay, padonnen koupab yo, geri malad yo, epi jis bagay ki te bon. Lè Li te. . . dènye souf sou kwa a, ak krache vilgè, ak mokè, de sila yo ki te kanpe la, ap desann sou figi sakre Li a Li te rele, ak yon kè plen ak lanmou: "Papa, padonnen yo, paske yo pa konn sa y ap fè."

23 Li te ka konprann. Etan Bondye, Li konprann. Se poutèt sa Li te ka renmen nou lè yo pa t ka renmen nou, paske Li se Bondye e Li konprann. "Nan vivan, Li te renmen m." Pa janm gen yon vi ki te viv konsa, paske sa te vlope nan lanmou.

24 "Nan mouri, Li te sove m." Yon lanmò, lè nan jaden Edenn lan, Bondye Jewova te egzije, pèn peche a se lanmò, e pa t ka gen okenn chanjman. Li pa t ka pran okenn lòt fason, pou okipe sa. Paske, Bondye siprèm, e Li enfini, epi Jij tout Syèl yo ak tè a. Pèn peche a se lanmò, e pa t gen pèsonn ki te ka peye pèn sa pou yon lòt. Pou chak nonm, menm si li te ka mouri pou yon lòt nonm, men li te koupab pou kòmanse. Pa t gen youn nan nou ki te ka ede lòt la, paske nou tout te koupab. "Nou ne nan peche, fòme nan inikite, vini nan mond lan ap bay manti." E pat gen yon reyon lespwa, okenn kote. Nou te kondane a lanmò, pa Bondye, e tout kreyati ki te janm bouje sou tè a te anba kondanasyon sa. Te ka gen dèzòm ki jis ki leve e ki fè gwo bagay, men li te yon pechè pou kòmanse.

25 Te gen yon sèl fason pou sa te peye, e se te lanmò Bondye Limenm. Kifè Bondye, etan yon Lespri, pa t ka mouri, men Li te desann nan yon kò lachè epi Li te eksprime Tèt Li nan yon vi lanmou; pou pran tout bonte sa ke Li te ye a, epi bay li ak volonte L kòm Sakrifis siprèm lan, pou L te ka pran kilpabilite koupab yo. Nou tout se pechè, e pa gen yon fason nan mond lan pou nou te janm sove. Li pa t vini sèlman pou yo wè L sou tè a, men Li te vini pou mouri kòm yon Sakrifis.

26 Abèl te eksprime sa lè li te ofri Bondye yon sakrifis ki pi ekselan pase pa Kayen an; lè li te mennen ti ayo an, ak yon moso pye rezen mare nan kou l, sou yon wòch. Men ti animal la te lonje la sou wòch la, li te rale ti manton li dèyè epi, ak yon—yon wòch, li te frape ti gòj li; epi li t ap rele epi li t ap mouri, epi san an t ap jikle soti, epi ti cheve boukle blan li yo te vin benyen ak san. Abèl te eksprime Kalvè a la.

27 Lè Ayo Bondye a, ki te sakrifye depi fondasyon mond lan, te vin pran plas pechè koupab yo, e yo te brize L epi blese L, epi—epi yo te pase L nan betiz epi yo te pran plezi sou Li, e L te mouri yon lanmò ke okenn kreyati pa t ka mouri eksepte Bondye Limenm, epi cheve ak san L yo ki pandye sou zepòl Li, k ap degoute atè a, te eksprime ala yon bagay tèrib peche a ye, lè Li te dwe mouri pou rachte lòm anba yon vi peche. Anyen pa te ka mouri konsa. Anyen pa te ka sipòte lanmò sa. Sa te di ke "Lè yo te pèse bò kòt Li, ke, te gen San ak dlo ki te soti."

28 Sa fè kèk tan de sa, mwen t ap pale ak yon moun sou sa. E se te yon syantifik ki te di: "Gen yon sèl fason ke sa te ka rive. E se pat poutèt lans Women an, ke Li te mouri; e nitou se pat san ki te pèdi, ki fè Li te mouri, paske te toujou gen San nan kò Li. Sa k fè Li te mouri a, se pa poutèt lans Women an oswa klou yo ki te foure nan men L yo, oswa kouwòn pikan yo te mete sou tèt Li a. Men paske . . . Li te mouri ak chagren, paske Li te vin jwenn Pwòp moun pa L yo e Pwòp moun pa L yo pa t resevwa L. Li te mouri ak yon kè brize. Alòske, Li te konnen kreyati tan yo menm, ke Li t ap mouri pou L rachte yo, te krache nan figi L, e lòm te rejte L."

29 David, uisan lane anvan sa te rive, te kriye ak vwa a menm ke Li te kriye sou Kalvè a: "Bondye M lan, poukisa Ou abandone M?"

30 Ala yon bagay terib peche fè, li separe lòm ak Bondye! E Li te ofrann pou peche ki te dwe ofri pou peche nou yo. E Li te separe de Prezans Bondye. Peche te separe L. Bondye te mete peche nou yo sou Li, e Li te separe ak Bondye, e se poutèt sa Li te kriye: "Poukisa Ou abandone M?" E paske Li te abandone, e Li te pran plas sa, e te wè pèp Li, ke Li te vini pou L sa Sovè yo epi pou ofri yo Lavi, yo te rejte L, e sa te fè L lapenn, tèlman, jouk kè Li te sitèlman brize jouk San an ak dlo, ak pwodwi chimik yo nan kò Li, te separe.

31 Lòm p ap janm konnen kisa sa te ye. Se pou rezon sa pat ka gen okenn lòt moun ki te ka janm mouri konsa. M pa bezwen konnen touman ou ta ka andire, e menm si pye ou mare nan chenn, oswa yo siye w, pa pous, oswa boule w pa pous; ou pa te ka mouri lanmò sa, paske fason w fèt la pa parèy. Li te dwe Bondye. Li te dwe, plis pase lòm. E pou panse, ke, Bondye te mouri. Li te mouri ak yon kè brize, ak chagren konsa pou mond lan, jiskaske yon reyaksyon chimik te fèt nan kò Li ki pa te ka fèt nan ou. Ou pa ka soufri konsa. Pa gen okenn fason pou w gen jan de chagren sa. Alò gen Yon sèl ki te ka fè l, e Li te fè l.

32 Li te pandye la, vi presye sa ki pa t konn anyen ke lanmou ak fè byen, Li te pandye la ant Syèl la ak tè a, leve anwo la, dezabiye toutouni, jennen. Panse kijan w t ap ye, dezabiye toutouni; malèz ou ta santi a pa anyen konpare ak sa Bondye dwe te santi, pandan Li te pandye la. Mwen konnen ke krisifi a gen yon ti bagay, tankou yo te gen yon bagay toutotou Li, men yo pa t janm fè sa. Se sa ki jis mete sou kwa a, oswa atis la mete l la. Yo te retire rad Li yo sou Li. Li te mete yon wòb, e yo te rache l sou Li epi yo te parye pou sa. Li te jennen, nan sa ki pi ekstrèm lan. Poutan, etan Bondye, te oblije kanpe, e pechè yo krache nan figi L. Poutan, kòm Li te pwofondè yo—yo menm nan desans, Li te dwe mouri devan piblik la, dezabiye toutouni. Sa te tèlman fè efè sou Li, jouk sa te separe dlo a ak San an. Se pa etonan . . . Mwen panse powèt la te byen eksprime sa lè li te di:

> Nan mitan wòch k ap fann ak syèl ki fè nwa,
> Sovè m lan te bese tèt Li epi L te mouri;
> Men vwal ki te louvri a te revele chemen an
> Pou lajwa nan Syèl la ak jou san fen an.

33 Sèten, Li te dwe fè l. Vwal la te pandye ant lòm ak Bondye, e vwal ki te louvri sa te revele chemen pou jwa Syèl la ak jou san fen an. Kalvè vle di yon bagay, li vle di plis pase sa nou ka eksprime. Se sèten.

> Nan vivan, Li te renmen m; nan mouri, Li te
> sove m;
> Antere, Li te pote peche m yo byen lwen.

34 Li kondane kounye a. Peche pa gen kontwòl ankò. Lè Li te kriye sou kwa a: "Sa fini," peche te mouri! Kounye a li mouri. Li fini. Li san fòs. Li san vi. Reflechi sou sa, mezanmi. Peche sa, lènmi èt imen yo, mouri epi san vi, li pa gen okenn efè ankò. Li pa kapab. Se pa etonan solèy la te fèmen je l, zetwal yo pa t vle briye, tè a te vin nwa, tout bagay sa t ap rachte.

35 Kounye a li mouri, li antere, li san vi. Li pa gen lavi ankò ladan l, alò li dwe antere. Kisa k te antere? Kò Bondye te antere, paske se te ofrann pou peche a. Se te Ayo ki te boule a, li te boule ak dife inikite. Ayo san peche sa a ki pa t konnen peche, Bondye sa Ki pa t konnen okenn mal; yo te bay lavi L, e se la ofrann peche

a te pandye. “Antere, Li te pote peche m yo byen lwen.” Li dwe antere. Kò a, ofrann pou peche a dwe antere.

36 Se poutèt sa anpil, apre yon moman, pral mache, youn pa youn, al nan basen sa, pou yo batize nan Non Jezikri. Poukisa? Yon bagay te pase. Lespri sa ki te soti nan kò sa a, lè Li te kriye: “Sa fini,” te kondane peche nan kò nou. E nou dwe antere l, pou yo pa sonje l ankò. Mwen tèlman kontan ke se konsa sa ye.

37 Lè nenpòt bagay antere, li kache, li pa devan je. “Epi antere, Li te pote peche m yo byen lwen.” Bondye pa ka wè peche nou yo ankò, paske yo antere. Yo antere ki kote? Nan Lanmè Bliye a. Panse a yon Lanmè Bliye! Bondye pa ka sonje yo ankò, paske yo alafwa mouri epi antere. Yo pa ka menm sonje sa ankò. Yo soti nan memwa Bondye.

38 Li te tou. . . nan “antere” sa Li te reprezante nan Ansyen Testaman an. Yo te gen de. . . Yo te gen yon ofrann pou peche lè yo t ap pirifye sanktyè a. Epi ofrann pou peche sa a se te ke yo te pran de kabrit, e yo te touye yon kabrit; epi lòt kabrit la, te gen peche yo ki te plase sou kabrit mouri a ki mete sou kabrit vivan an.

39 Sonje, Jezi te yon Mouton. Li te yon Ayo, men nan ka sa Li te vin yon kabrit. Li te jistis paske Li te Bondye, Mouton an. Men Li te vin yon kabrit, peche, pou L te ka ofrann peche a pou mwenmenm avè nou; soti nan yon Mouton vin yon kabrit.

40 E Jezi te reprezante nan toulède bèt yo, toude kabrit yo: Pou youn, li te mouri—li te mouri pou ekspyasyon an; dezyèm lan, peche ki soti nan ekspyasyon an te mete sou bouk emisè a, epi bouk emisè a te pran peche moun yo epi te ale byen lwen nan dezè a, pou pote peche moun yo. Kisa l te ye? Se te lanmò ak antèman Seyè Jezi nou an. “Nan mouri. . . Nan vivan, Li te renmen m. Nan mouri, Li te sove m. Antere, Li te pote peche m yo byen lwen.” Li te pran peche moun yo sou Limenm, e Li te pote yo desann byen fon nan mond lanmò ki pi ba a. Li te ofrann pou peche a. Li te gen peche moun yo. Li te mouri pou yo. Epi tou peche yo te plase sou Li, e Li te mennen peche nou yo byen lwen, tèlman lwen ke Bondye pa t ka janm wè yo ankò. Panse a sa! O, Legliz la te ka kriye: “Alelouya pou yon Sovè konsa!”

41 Non sèlman peche nou yo padonnen, men yo antere nan Lanmè Bliye a, pou yo pa sonje yo ankò. “Antere, Li te pote peche nou yo byen lwen.” Yo pa ka sonje yo ankò, paske yo pati. Yo soti devan je Bondye. Yo paralize. Yo divòse. Yo voye yo ale. Bondye pa sonje yo ankò. Kisa? Legliz la ta dwe rejwi maten an, pou konnen ke yo p ap sonje peche nou yo ankò. Yo mete yo nan Lanmè Oubli a, nan tonm nan, pi lwen pase tout rezirèksyon! Yo mouri pou tout tan, e yo bliye yo. Yo kòm si yo pat janm rive. “Nan mouri, Li te sove m.” Men, “Antere, Li te pote peche m yo byen lwen.” Li te mennen yo tèlman lwen jouk yo te ale nan Lanmè Bliye a. O! Nou konnen ke bagay sa yo se sa yo kwè pi

sètènman nan mitan nou, e yo pi sètènman Laverite. Yo se Verite Bondye a. Tout gwo bagay sa yo te depase ekspresyon imen. Nou pa t ap janm ka eksprime rekonesans nou pou bagay sa yo.

42 Men, o, Pak sa! "Nan resisite, Li te jistifye gratis pou tout tan."

> Nan vivan, Li te renmen m; nan mouri, Li te sove m;
> Antere, Li te pote peche m yo byen lwen; (Tout sa te byen.)
> Men, nan resisite, Li te jistifye.

43 Kisa rezirèksyon sa te ye? Se te resi Bondye, ke bòdwo a te peye. "Nan resisite, Li te jistifye gratis pou tout tan." O, ala yon Sovè, nan resisite! Kisa Bondye te fè? Yon nonm ka soufri, yon nonm ka mouri, yon nonm ka antere. Men Pak se te pi gran nan yo tout, paske se te apwobasyon Bondye: "Lwa M yo te satisfè, egzijans Mwen yo te satisfè, se Li!" Li te leve L soti vivan nan lanmò! "Nan resisite, Li te jistifye gratis pou tout tan." Ke Non Li beni!

44 Se pa etonan sa pote emosyon! Se pa etonan kè imen an pa ka kenbe l! O, avèk lafwa konkeran nou an nou ka kanpe laba a epi di: "Nou jistifye pou tout tan, gratis," paske Li te mouri epi yo te antere L, epi Bondye te resisite L ankò nan maten Pak. Alò, Bondye te montre ke Sa te aksepte, tout bagay ke L te fè yo. Tout bagay peye gratis, nou ka ale lib kounye a! "Nan resisite, Li te jistifye gratis pou tout tan." O, pèsonn pa ka janm konnen, pa janm ka panse a gran jou sa lè Li te resisite! E Zanj yo te wè sa. Nan Syèl yo ki nan syèl yo, zanj yo t ap chante louwanj pou Bondye epi yo t ap rejwi. pandan sen Ansyen Testaman yo, nan Paradi a, t ap rele byen fò: "Alelouya!" "Nan resisite, Li te jistifye." Syèl la te tranble, tè a te tranble, paradi a te tranble, epi Syèl la te tranble, lè gran Vwa sa te retanti. Li te leve soti nan tonm lan! "Nan resisite, Li te jistifye gratis pou tout tan." O la la!

45 Alò sen yo ki mouri nan Li ka chante sa, lè nou gade gras etonan sa, laba, sa Li te fè. Ou wè? Bondye mete so li pou konfime apwobasyon li! "Talè konsa e mond lan p ap wè M ankò, poutan nou va wè M, paske M ap resisite pami mò yo epi M ap avèk nou, menm nan nou, jouk nan fen mond lan; kòm yon konfimasyon, ak yon verifikasyon ke sa Bondye te di a se vre, e sa Mwen di a se vre," Jezi te di sa. "Mwen pral vini sou fòm Sentespri a. M va fè kay Mwen avèk nou, epi viv avèk nou pou tout tan." Alò sen yo ki gen espwa rezirèksyon sa nan kè yo, ka chante chante sa:

> Nan maten klere epi san nyaj sa lè mò nan Kris yo va resisite,
> Epi pataje glwa rezirèksyon L la;
> Lè sila Li chwazi yo va rasanble Lakay yo pi lwen pase syèl la, (ak yon asirans pafè, ak

So Bondye a, ak yon resi ke Bondye Limenm ekri,)
Lè apèl la va fèt laba a, m ap la. (O, vini byento!)

O, se pa etonan yo te di:

Nan vivan, Li te renmen m; nan mouri, Li te sove m;
Antere, Li te pote peche m yo byen lwen; (O!)
Nan resisite, Li te jistifye gratis pou tout tan.

46 Peche yo padonnen. Tout sakrifis sa yo te ka mitik, tout sakrifis sa yo te ka echwe. Men nan maten Pak, lè Li te resisite, Bondye te pwouve ke Li te aksepte Li. Se pa etonan, sa fè kè imen pouse yon alelouya! Se pa etonan sa fè lèzòm kanpe an fas lanmò! Sa fè moun yo rele bagay sa yo ki pat la, kòm si yo te la! Men poukisa? "Nan resisite, Li te jistifye." Kijan w fè konnen Li te resisite? Paske, Li te resisite nan kè nou, jistifye gratis pou tout tan!

47 Karant jou pita, lè Li te kanpe, ap pale ak pitit Li yo, gravitasyon an te kòmanse pèdi efè li. Travay yo te fini. Pèn lan te peye. Li te gen resi a nan men L. Se te resi Bondye a. Li te gen timoun yo, Legliz la, kwayan yo. Tout peche te konkeri. Chemen an te vin klè. Li pa t ka rete sou tè a ankò. Kisa k kenbe nou isi a? Gravitasyon. Gravitasyon kòmanse kraze, li pèdi kontwòl li yo. Poukisa? Tout bagay te fini lè sa a. Kisa k te rive? Li kòmanse leve monte anlè tè a.

48 "Ale nan tout mond lan, epi preche Levanjil la bay tout kreyati," men sa ki te soti nan bouch Li. "Ale nan tout mond lan, epi preche Levanjil la bay tout kreyati. Sila ki kwè epi ki batize va sove, sila ki pa kwè va kondane. E siy sa yo va swiv sa yo ki kwè. Nan Non Mwen yo va chase move lespri yo. Yo va pale nouvo lang. Si yo ta dwe pran sèpan oswa bwè bagay mòtèl, sa p ap fè yo mal. Si yo poze men yo sou malad yo, yo va geri. Paske M ap viv. . . Gravitasyon te pèdi pouvwa l sou Mwen. Peche pa t gen okenn kontwòl. Mwen te mouri pou nou. Bondye te pwouve sa, e L te bay resi rezirèksyon an. E paske M ap viv, n ap viv tou! Yon jou M ap retounen."

49 "Yon jou L ap vini, o, jou gloriye!" Alò, kisa? Viv, mouri, antere, resisite, vini, lespwa Legliz la jodi a!

Nan vivan, Li te renmen m; nan mouri, Li te sove m;
Antere, Li te pote peche m yo byen lwen;
Nan resisite, Li te jistifye gratis pou tout tan:
Yon jou L ap vini—o, jou glorye!

Kisa l te ye? Senk bagay nan senk lèt, J-e-z-i.

Nan vivan, Li te renmen m; nan mouri, Li te sove m;

Antere, Li te pote peche m yo byen lwen.
Nan resisite, Li te jistifye gratis pou tout tan;
Yon jou L ap vini—o, jou glorye!

50 N ap tann Dezyèm Vini Li!

Epi youn nan maten klere epi san nyaj sa yo lè mò yo nan Kris va resisite,
Epi pataje glwa rezirèksyon sa a;
Lè sila Li chwazi yo va rasanble lakay yo pi lwen pase syèl la,
Lè apèl la va fèt laba a, m ap la.

Poukisa? Mwen gen resi a. Li resisite! Kijan w fè konnen? L ap viv nan kè m. L ap viv nan kè legliz Li ki kwè.

51 Reflechi sou sa, zanmi m yo. Basen an pral pare jis nan kèk moman, ak dlo tyèd, pou sèvis batèm lan, osito ke nou retounen.

Annou bese tèt nou kounye a jis yon moman.

52 Mwen mande m jodi a, si gen youn nan mitan nou, oswa anpil ki poko apresye Sakrifis sa a ase pou aksepte Li, e nou ta renmen ke yo sonje nou nan lapriyè, ke Bondye va pale ak kè nou yon fason etranj, ke nou va aksepte Sakrifis Li a, pirifikasyon nanm nou.

53 Epi sonje ke jodi a nou pa jis selebre yon moman pou mete nouvo chapo epi mete nouvo rad; sa ki kòrèk, se senbòl yon bagay nouvo. Bondye te fè yon nouvo bagay. Ke, se kòrèk. Se pa sa sèlman. Pak pa vle di sa. Oswa, ap chase lapen Pak oswa ze lapen, ak ti poul blan, e latriye, se pa lide a sa, frè.

54 Pak se yon triyonf, se viktwa ke Bondye bay sou tè a, ke Li te resisite Pwòp Pitit Li pami mò yo. "Konsa nenpòt moun ki kwè nan Li, p ap peri, men gen Lavi Etènèl."

55 Rezirèksyon an ka fèt nan pwòp vi nou. Si nou pa genyen l, èske nou ta vle leve men nou ba Li maten an, pandan nou gen tèt nou bese, sa ki vle di: "Bondye, sonje m, pou Lavi rezireksyon sa a, ka jwenn tèt Li nan kè m." Èske n ap leve men nou epi di: "Priye pou mwen, Frè Branham, antan mwen leve men m"? Seyè a beni ou. Seyè a beni ou. Èske gen yon lòt ki vle leve men w, di: "Priye pou mwen, frè, mwen vle aksepte Lavi rezirèksyon sa"?

Nan maten klere epi san nyaj sa . . .

Panse a sa kounye a pandan nou . . .?. . .

. . . Kris va resisite,
Epi pataje glwa rezirèksyon L la;
Lè sila ki chwazi yo va rasanble sou lòt bò Rivaj la,
Lè apèl la va fèt laba a, m ap la.

Lè apèl la va fèt laba a,
Lè apèl la va fèt laba a,
Kounye a si w pa sèten, mete l anrèg, kounye a.

. . . va fèt laba a,
Lè apèl la va fèt laba a, m ap la.

Annou travay pou Mèt la depi nan. . . (Sa se pou noumenm sen yo.) . . . solèy,
Annou pale. . .

56 Kounye a, nou menm ki Kretyen, ki vle fè Bondye yon ve, pou travay plis; vini, leve men nou ba Li.

Epi apèl la va fèt laba a, m ap la. (Seyè beni w.)

Lè apèl la. . . (Lè apèl la va fèt laba a, m ap la,)
Lè apèl la va fèt laba a,
Lè apèl la va fèt laba a,
Lè apèl la va fèt laba a, m ap la.

57 Bondye byenneme, Ou wè tout kè isi a, e Ou konnen motif yo ak objektif yo. E mwen priye pou mizerikòd. Bondye, akòde l, ke mizèrikòd va fèt pou moun sa yo. Yo vini maten an pou lè adorasyon sa. Yo vini nan—nan plas sa pou tande Pawòl Ou.

58 E jan nou te pale a, ke, lè W t ap viv, pa t janm gen yon vi tankou Pa W la. Nan mouri, Ou te sèl Sila a Ki te ka mouri nan fason sa. Lè yo te antere W, Ou te pote peche nou yo byen lwen; avèk peche moun yo sou Ou, Ou mennen yo nan Lanmè Bliye a. Men, nan resisite, Ou te jistifye gratis pou tout tan. E nou kanpe, jodi a, ap tann Vini Ou.

59 Bondye, beni yo. Ede nou. Nou reyalize nou pa gen anpil tan ankò, paske sa jis nan pòt la. E nenpòt. . . Epi nan inèdtan apati de kounye a, dapre syantifik yo, nasyon yo ka pa egziste ankò. E nou priye, Bondye, pandan nou kanpe, maten Pak sa sou papòt Vini Li a, lespwa Legliz la. Anpil milye lonje laba nan pousyè tè a, ap tann lè sa, nanm yo anba lotèl la, ap kriye: "Pou konbyen tan, Seyè? Pou konbyen tan?" Mwen priye, Bondye, ke W va pale avè nou. E annou sonje ke kèlkeswa sa nou janm fè isi a sou tè a, li tèlman piti. E sèl bagay ke nou ka fè kounye a, se tann Vini Ou, epi di tout moun. Mesaj la ijan. Ke nou fè l rive jwenn moun yo, byen vit, pou ke W ka vini nenpòt ki lè. Anvan bonm sa yo ke y ap pale de yo a, ak misil sa yo, ki ka fè lapli plizyè milye ladan yo tonbe blayi sou tè a nan yon minit; anvan sa rive, Ou te pwomèt pou W vini, Seyè, pou pran pèp Ou a. Se va konsa, Seyè. Kifè, prèske nenpòt minit, te ka gen yon rezirèksyon, yon Pak pou Legliz la; yon rezirèksyon soti nan lavi peche sa, ale nan Lavi Etènèl la, atravè Kris. Tande priyè nou yo.

60 E jodi a, pandan n ap kontinye nan lòt sèvis yo, nan ansèyman lekòl dimanch lan, O Seyè, pale ankò, e ke anpil kè avèti yon fason etranj. E ke yo vini pa douzèn, nan basen sa a maten an, maten Pak sa a, pou yo antere avèk Seyè Jezi, nan aksepte Sakrifis Li a. Kèlkeswa ki legliz yo fè pati a, oswa ak ki sèk relijyon ke yo kominye, sa pa vle di anyen. Men èske yo te aksepte Sakrifis sa? Èske yo konfese ke yo pa bon, ke Jezi se te Sèl bon an? E Li te mouri pou nou, nan plas nou. E Li te pran peche nou yo

epi te antere yo, e nou kanpe poukont nou nan Li. Legliz nou yo pa ka antere peche nou yo, pwòp vi nou pa ka antere peche nou yo, men Kris te antere peche nou yo nan Lanmè Bliye a. Bondye, akòde kounye a ke bagay sa yo va gloriye nan je Ou.

61 Epi aswè a, Seyè, ke Ou vini nan pwisans rezirèksyon Ou, epi sekwe ti plas sa tankou l pa t janm sekwe. Ke siy ak bèl mèvèy manifeste. Repete l, tankou sa te ye kèk dimanch de sa, Seyè, lè malad yo ak aflije yo te geri yon fason sitèlman mèveye. Nou priye ke sa va rive ankò aswè a, pou glwa Ou, Seyè.

62 Padonnen fot nou yo kounye a, Seyè, e ke sa, se yon vrè Pak pou kèk nan nou, yon vrè Pak pou nou tout. E kèk nan sa yo ki pa t janm konnen ki sa benediksyon Pak yo te ye, ke se jodi a ke Kris leve nan kè yo, ak yon nouvo lespwa, ak yon nouvo Lavi. Montre yo Kalvè a. Paske nou mande l, nan Non Jezi. Amèn.

63 [Pati vid sou kasèt la—Editè a.] . . . pou gen tan kominyon sa. Konbyen nan nou ki renmen Seyè a? Jis leve men nou. O la la, sa mèveye!

64 Mwen tande ou gen bebe ki pou konsakre, Frè McDowell. Ou pral tounen pou sèvis lekòl dimanch lan, èske w kapab? Dakò, sa pral byen. Se lè sa nou pral konsakre bebe yo e latriye, nan moman sa, si sa pa deranje w, se kòrèk.

65 E alò kounye a, nou pral ranvwaye oditwa a pou kèk moman, konsa nou ka al lakay nou epi pran dejene nou, apre sa retounen ankò. Nou kontan ke nou te isi a.

66 E kounye a, ann jis kanpe. E menm chante sa a ke nou te chante a kèk moman de sa: “Sou klere epi san nyaj sa . . .” Konbyen ki gen lespwa sa nan yo? Ann wè nou leve men nou. Leve kanpe.

. . . klere epi san nyaj sa . . .

Chante l byen fò kounye a.

. . . lè mò yo nan Kris va resisite,
Epi pataje glwa rezirèksyon L la;
Lè sa ki sove sou tè a va rasanble lòt Kote a,
Epi apèl la va fèt laba a, m ap la.

Lè apèl la va fèt laba a,
Lè apèl la va fèt laba a,
Lè apèl la va fèt laba a,
Lè apèl la va fèt laba a, m ap la.

67 Kounye a, pandan n ap chante pwochen kouplè a:

Annou travay pou Mèt la, depi douvanjou jouk solèy kouche,
Annou pale, (pa de bagay mond lan men,) annou pale de tout mèvèy Li yo, lanmou ak swen Li yo.

Pandan n ap fè sa, bay yon moun lanmen dèyè w, devan w, bò kote w. Annou tout fè sa kounye a. Di: "Bonjou, zanmi Kretyen, mwen kontan m nan legliz la avè w." Dakò.

Annou travay pou Mèt la depi . . .
. . . nan tout lanmou ak swen mèveye Li yo;
Alò lè tout lavi va fini, epi travay nou sou tè a va fini,
Epi apèl la va fèt laba a, m ap la.

Lè apèl la va fèt laba a,
Lè apèl la . . .
. . . laba a,
Lè apèl la va fèt laba a, m ap la.

Poukisa? Kijan nou pral la? Paske:

Nan vivan, Li te renmen m; nan mouri, Li te sove m;
Antere, Li te pote peche m yo byen lwen;
Nan resisite, Li te jistifye gratis pou tout tan:
Yon jou L ap vini—o, jou glorye.

Lè apèl la va fèt laba a, m ap la. (Nou gen yon resi.)

. . . apèl . . . laba a,
Lè apèl la va fèt laba a,
Lè apèl la va fèt laba a,
Lè apèl la va fèt laba a, m ap la.

Annou bese tèt nou.

68 Seyè, yon maten klere epi san nyaj, lè nou wè gwo lakansyèl la parèt nan syèl la (Siy alyans Bondye an, alyans ki la pou tout tan an: Li kenbe pwomès Li.), alò nou va gade, k ap vini, alòske wòch tonm yo va tonbe pa dèyè, e sila yo ki dòmi nan pousyè tè a va leve pou pataje glwa premye Pak la avèk Sila, Ki te rann sa posib, Seyè nou an. Mèsi pou sa, Seyè. Mwen sitèlman kontan, Seyè, ke lespwa sa chita nan lestomak mwen. Paske mwen wè zepòl mwen ap koube, Seyè, e—e laj kòmanse ap monte; mwen anwo a sou tèt kolin lan, m ap gade lòt kote a kounye a. Seyè, mwen tèlman kontan ke lespwa sa a boule nan mwen. Yon jou W ap vini. Mwen tèlman kontan ke gen anpil isi a jodi a ki santi yo menm jan an.

69 Mwen priye, Seyè, ke W va ban nou yon gran jou, jodi a, padone nou tout fot nou yo, pandan nou konfese fot nou yo, epi konfese ke nou pa diy. Men lanmò Kris, antèman Li, rezirèksyon Li, te pwouve ba nou pa Lespri Li ki resisite nan kè nou, k ap fè nou patisipe nan rezirèksyon Li, e nou gen garanti rezirèksyon nou an nan kè nou kounye a. Paske pou peche, nou mouri, e nou antre nan yon nouvo Lavi, e nou leve soti nan vye bagay mond lan pou vin nan yon Lavi tounèf. Se garanti a, avalwa an, O Seyè, se—se garanti pou rezirèksyon nou an.

70 Nou tèlman kontan santi l epi jwi li youn sou lòt. Bagay sa yo, nou kenbe kòm gwo trezò nan kè nou, yon bagay ke okenn lajan pa t ka achte, mond lan pa t ka efase, paske Bondye te ba nou li gratis, gratis menm jan Kris te mouri pou sa.

71 Kounye a, nou priye ke Ou va avèk nou maten an. Ede nou, kounye a, epi pou nou repoze kèk moman, epi retounen. Ban nou yon gwo sèvis k ap swiv. Paske nou mande l, nan Non Li, Ki te anseye nou pou priye ansanm:

> Papa nou Ki nan Syèl la, se pou yo respekte Non Ou.
> Se pou Wayòm Ou an vini. Se pou volonte Ou fèt sou tè a, tankou nan Syèl la.
> Pen nou bezwen chak jou a, ban nou li jodi a.
> Epi padonnen tout sa nou fè ki mal, menm jan nou padonnen moun ki fè nou mal.
> Epi pa kite nou pran nan pyèj, men delivre nou ak sa ki mal; paske Wayòm lan se pou Ou, ak pouvwa a, ak glwa a, pou tout tan. Amèn.

72 Seyè a beni nou, kounye a, jouk nou wè nou ankò, nan apeprè yon . . . a nevè edmi. Bay lanmen youn ak lòt; e nou va wè nou a nevè edmi.

59-0329s Viv, Mouri, Antere, Resisite, Vini
Branham Tabènak
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org